

Lè Pitit ou Gen 4 An

Non Timoun nan

Laj Timoun nan Dat Jodi a



Fason tibebe ou jwe, aprann, pale, epi aji bay enfòmasyon enpòtan sou devlopman pitit ou. Etap enpòtan nan devlopman tibebe a se bagay pifò timoun kapab fè lè yo gen yon sèten laj.

Tcheke etap enpòtan pitit ou rive nan 4yèm anivèsè nesans li. Ale avèk lis sa a epi pale avèk doktè pitit ou pandan chak vizit sou etap enpòtan pitit ou rive ak kisa pou w atann apre sa.

Sa Pifò Timoun Fè nan Laj sa a:

Sosyal/Emosyonèl

- Timoun nan renmen nouvo bagay
- Li jwe "Manman" oswa "Papa"
- Li pi dinamik ofi-amezi avèk jwèt fè-kwè
- Li ta pito jwe avèk lòt timoun pase poukont li
- Li kolabore avèk lòt timoun
- Pa souvan di sa ki vrè ak sa ki fè moun kwè
- Li pale sou sa li renmen ak sa ki enterese li

Langaj/Kominikasyon

- Timoun nan konnen kèk règ gramè debaz, tankou itilizasyon kòrèk "pou gason" (maskilen) ak "pou fi" (feminin)
- Li chante yon chanson oswa li resite yon powèm nan memwa li tankou "Itsy Bitsy Spider" oswa "Wheels on the Bus"
- Li rakonte istwa
- Li kapab di prenon ak non fanmi li

Koyitif (aprantisaj, panse, solisyon pwoblèm)

- Timoun nan site kèk koulè ak kèk chif
- Li konprann lide kontaj
- Li kòmanse konprann lè
- Li sonje pati ki nan yon istwa
- Li konprann lide "menm" ak "diferan"
- Li fè pòtre moun ki gen 2 a 4 pati nan kò
- Li itilize sizo
- Li kòmanse kopye kèk lèt majiskil
- Li jwe jwèt damye oswa jwèt kat
- Li di ou sa li panse ki pral rive apre sa nan yon liv

Mouvman/Devlopman Fizik

- Timoun nan sote ak kanpe sou yon pye pandan apeprè 2 segonn
- Li atrap yon balon ki rebondi pi souvan
- Li vide, koupe avèk sipèvizon, epi li kraze manje pa li

Pou w Aji Bonè, Pale avèk Doktè Pitit ou si Pitit ou:

- Pa kapab sote anplas
- Gen pwoblèm pou grifonnen
- Pa montre enterè nan jwèt konvèrsasyonèl oswa nan jwèt fè-tankou
- Meprize lòt timoun oswa pa reponn moun ki pa nan fanmi an
- Fè rezistans pou li abiye, pou li dòmi ak pou li itilize twalèt
- Pa kapab rakonte yon istwa li pi renmen
- Pa suiv kòmann ki gen 3 pati
- Pa konprann "menm" ak "diferan"
- Pa itilize "mwen" ak "ou" kòrèkteman
- Pale yon fason ki pa klè
- Pèdi ladrès li te genyen avan

Di doktè oswa enfimyè pitit ou si ou remake nenpòt nan siy reta devlopmantal posib pou laj sa a, epi pale ak yon moun nan kominote ou ki abitye ak sèvis pou timoun nan zòn ou a, tankou lekòl publik lokal ou a. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou www.cdc.gov/Concerned oswa rele **1-800-232-4636**.

Yon adaptasyon CARING FOR YOUR BABY AND YOUNG CHILD: BIRTH TO AGE 5, Fifth Edition, redige pa Steven Shelov and Tanya Remer Altmann © 1991, 1993, 1998, 2004, 2009 pa the American Academy of Pediatrics ak BRIGHT FUTURES: GUIDELINES FOR HEALTH SUPERVISION OF INFANTS, CHILDREN, AND ADOLESCENTS, Twazyèm Edisyon, redige pa Joseph Hagan, Jr., Judith S. Shaw, ak Paula M. Duncan, 2008, Elk Grove Village, IL: American Academy of Pediatrics. Lis devlopman sa a pa ranplase yon zouti evalyasyon devlopmantal ki estanda ak valide.



www.cdc.gov/ActEarly | 1-800-232-4636

Aprann Siy yo. Aji Bonè.

Ede Pitit ou a Aprann ak Grandi



Ou ka ede pitit ou a aprann ak grandi. Pale, li, chante, epi jwe ansanm chak jou. Anba la a se kèk aktivite pou w ka amize w ak pitit ou ki gen 4 an an jodi a.

Kisa ou ka fè pou Pitit ou ki gen 4 an:

- Jwe jwèt imajinasyon ak pitit ou a. Kite li dirije epi kopye sa l ap fè a.
- Sijere pitit ou a imajine li nan yon evènman k ap vini ki gendwa fè li pè tankou ale nan lekòl matènèl oswa pase nuit la kay granparan li.
- Bay pitit ou chwa senp chak fwa ou kapab. Kite pitit ou a chwazi sa pou l mete, jwe, oswa manje pou ti goute. Bay li sèlman 2 oswa 3 chwa.
- Pandan l ap jwe ak lòt timoun, kite pitit ou rezoud pwòp pwoblèm li ak zanmi li yo, men rete toupre pou ede si sa nesesè.
- Ankouraje pitit ou a pou l itilize mo, pataje jwèt, ak jwe jwèt youn ak lòt chwazi.
- Bay pitit ou a jwèt ki pral ede li gen plis imajinasyon, tankou abiman, je kizin, ak blòk.
- Itilize bon gramè lè w ap pale ak pitit ou. Tan pou w di "Manmi vle ou vini la," di, "Mwen vle ou vini la."
- Itilize mo tankou "premyèman," "dez'yèman," ak "finalman" lè w ap pale sou aktivite chak jou. Sa ap ede pitit ou a aprann mete evènman yo ann òd.
- Pran tan pou reponn pitit ou lè li mande ou "poukisa". Si ou pa konnen repons lan, di "Mwen pa konnen," oswa ede pitit ou a jwenn repons lan nan yon liv, sou entènèt, oswa mande yon lòt granmoun.
- Lè ou li ak pitit ou a, mande l pou li di ou sa ki te pase nan istwa a pandan n ap kontinye.
- Di koulè nan liv, foto, ak bagay nan kay la. Konte atik ki komen, tankou kantite bonbon, mach eskalye, oswa jwèt tren.
- Aprann pitit ou a jwe jwèt deyò tankou lago, swiv lidè a, ak kanna, kanna, zwa.
- Jwe mizik pitit ou a renmen epi danse ak pitit ou. Nou chak kopye mouvman dans youn ak lòt.